



## Rezolisyón Nimewo 1

**Rezolisyón Komisyon Revizyon Konstitisyón an pou nominasyón anplwaye yo epi etabli otorite pou regle biznis Komisyon an.**

ALÒSKE, nan dat 12 desamm 2024 la, Majistra Vil New York la te etabli Komisyon Revizyon Konstitisyón an daprè seksyon 36(4) Lwa sou Otonomi Minisipal (Municipal Home Rule Law) Eta New York la; epi

ALÒSKE, Majistra Vil New York la te nonmen trèz moun pou sèvi kòm Komisyon Revizyon Konstitisyón Vil Nouyòk la ("Komisyon an" apre sa) daprè seksyon 36(4) Lwa sou Otonomi Minisipal la; epi

ALÒSKE, Rezolisyón sa a fèt nan entansyon pou ankouraje fonksyònman efikas Komisyon an nan kad manda li pou revize Konstitisyón Vil New York la an antye; epi

Kidonk, kounye a li DESIDE ke Komisyon an nonme Alec Schierenbeck kòm Direktè Egzekitif Komisyon an;

Epi ke li DESIDE tou ke, an konfimite avèk seksyon 36 Lwa sou Otonomi Minisipal la, Direktè Egzekitif la dwe gen pouvwa pou jere operasyon jounalye Komisyon an, tankou men pa sèlman otorite pou angaje kontra nan non komisyon an, nonmen epi revoke anplwaye, fikse salè yo, epi etabli règleman ak pwosedi ki nesesè pou asire ke travay pèsonèl la fèt ak pwofesyonlis epi disiplin;

Epi ke li DESIDE tou ke Direktè Egzekitif la ka mande epi aksepte tout kalite sèvis, enstalasyon, materyèl, done oswa fon nan non Komisyon an an daprè atik 36 Lwa sou Otonomi Minisipal la;

Epi ke li DESIDE tou ke Komisyon deleje bay Prezidan an ki li menm tou ka deleje bay Direktè Egzekitif la travay, otorite pou pran tout mezi ki nesesè, ki konfòm ak aksyon Komisyon pou asire yo ke Komisyon an reyini jan yo dwe tankou fikse epi voye anons pou pou reyinyon ak odyans, epi prepare ak distribiye ajanda epi detèmine lòd travay yo pou reyinyon ak odyans yo.

Date: 7 janvye 2025